TSJETSJENSK

# Массо а вон ву Лоттица



Хьарцхьалелачер урамехь 1аш йолу Лоттин пхи шо кхечна духку хан ялале хилла х1ара.

Цхьана 1уьйранна иза сама йоллушехь оьг1азе яра. Цунна вон г1ан гинера, ткъа Лоттина шена мел гина г1ан бакъ ду моьттура, жима , 1овдал Лотта. Цундела яра иза оьг1аз яхана.

- Цара сан чак1орнина йиттира, бохуш мохь хьоькхура Лоттас шен нене, х1ара сатасале х1унда йоьлхуш ю хьажа чу еана йолу.

- Х1ан йиттина хьан чак1орнина? хаьттира нанас.

- Юнассий, Миа-Марияссий, бохуш, йоьлхура Лотта.



- Вай Лотта , хьуна гинарг г1ан ма ду, боху нанас.

– Юнасий, Миа-Марияй школе дахана, цера хан а ма яцара хьан чак1орнина етта.

- Цара дира иза ,шайн хан йоццушехь, йоьлхура Лотта шен пекъар-чак1орнина т1е куьг хьоькхуш.

Лотти чак1орни жима а, ерстина а йолуш хьакхин херси яра, нанас кхунна кхо шо хьалха , сирла-ц1ен к1аденах тегна. Цу хенахь чак1орни ц1ена а, сирла-ц1ен а, хаза а яра.

Х 1инца

иза боьха яра, боккъалла жима херси санна. Амма Лоттина иза ча ю моьттара , цундела цуьнан ц1е чак1орни яра.

Юнас вара, - Иза ча яц, хьакха ю , бохуш верг.

- Ма 1овдал ву хьо, бохура Лоттас - чак1орни-м ю ча.

- Хьуна моьтту иза, элира Юнаса. Ткъа со ойла еш ву, хьара муьлха ча ю техьа бохуш, иза к1айн ча ю техьа я алла ча ю техьа.

-Суна иза хьакха-ча ю моьтта,боху Лоттас. - Кхетий хьо?

Шен хьакха-ча ч1ог1а дукха езара Лоттина. Х1ора буьйсанна шеца д1айижа йора цо иза, Юнасий, Миа-Марияй хезаш доцучохь, 1аламат дукха хабараш а дуьйцура цо цунна. Х1инца чак1орни г1айбан т1ехь 1уьллура, Лоттина моьттура иза хала хетта ю, Юнасий, Миа – Мариясий цунна йиттина дела. Цо йелха а йоьлхуш цунна т1е куьг хьоьккхура :

- Пекъар - чак1орни, аса еттар ю хьуна царна, бохуш.

Юнасий, Миа-Марияй, Лоттий , наний, дадий можа ц1а чохь бехаш бара Хьарцхьалелачер урамехь . Х1ора 1уьйранна Юнасий, Миа-Марияй школе боьлхура, дада контори воьдура, ткъа Лоттий, наний ц1ахьа юьсара.

- Ма дика ду сан Лотта - доттаг1 йолуш олура нанас кест-кеста. - Вуьшта кху дехачу дийнахь суо хила езар ма яра со.

- Х1аъ, дика-м ду хьуна со хьан йолуш, олура Лоттас т1аккха . - Вуьшта къа хир ма дара хьан. Амма х1инца цо ца элира иза, х1инца иза оьг1аз яхана яра. Цо кхин цхьаа х1ума а ца элира, батт юса а ийна, 1аш яра иза, реза йоцуш.



Иза бедарш т1е йоха х1оьттича,

нанас к1айн свитер схьакховда йира цуьнга, иза Лоттина ненананас йина яра.

- Суна иза ца еза, элира Лоттас, - цо къизош гилгаш доху.

- Дера ца доху-кха, боху нанас . - Хьажал мел к1еда ю иза.

- Х1ан-х1а, боху Лоттас, хьажа а ца лаьа цунна, -суна сайн хаза коч еза.

Цуьна стигал басахь дарийн коч яра, кечлуш т1е юхуш. Х1инца цунна иза езара, тахана еари де бен доццушехь.

- К1иран динахь юхур ю ахьа хьайн хаза коч, боху нанас.- Тахана х1ара свитер юхур ахьа.

- Делахь со т1ехь бедарш а йоцуш лелар ю, боху Лоттас.

- Дика ду делахь, лела хьайн, аьлла нана кхачананц1а чу яхара.

Лотта шен чохь йисира, оьг1азе а , т1ехь бедарш йоцуш а. Цхьа а х1ума т1ехь йоцуш-м

яцара иза. Цунна т1ехь майка а яра, хеча а , пазаташ а, мачаш а.

- Амма вуьшта бедарш ма яц суна т1ехь, бохура цо чак1орнига - цуьна кхин цхьа а ма вацара хабарш дица.

-Лотта, х1инца схьа а йолий хьайн шоколад мала, бохуш , лахара ламеш т1ера мохь туьхира нанас.

- Йохар яц со - м, бохуш г1ам –г1им дора лоттас ша 1аччахьа.

- Йист хили яла ткъа, Лотта, мохь бетта нанас. - Хьуна еза шоколад я ца еза?





Т1аккха цхьа жимма метта еара Лотта. Х1инца нана лаьттар ю цигахь ойла еш, Лоттина шоколад еза я ца еза бохуш.

Лоттина жоп дала ца лаьра, цунна там хуьлура , нанас кхайкхича , жоп ца луш, ца хезаш санна 1аш. Амма иза меца яра, цунна ч1ог1а шоколад езара, т1аккха иза ша тоьачул собар дина аьлла хетта, шен чак1орни а эцна ламеш т1ехула охьайолаелира. Ша ма яххалу меллаша йоьдура иза, жимма саца а соцуш х1ора ламин аг1он т1ехьа. Нанас дика ойла ян езара мера юй цо шоколад я мера яц техьа, бохуш.

- Со хьожур ю, аса х1ун сацам бира бу, боху цо чак1орнига.

Иза кхачананц1а чу яхара.

- Вай, Лотта хьаеара вайна, боху нанас.

Лотта не1аргехь лаьтта, батт а юсина, ша оьг1аз яханчура метта яза юьйла шен нанна хаита г1ерташ.

Нанас а, Лоттас а 1уьйранна цхьана юург юу. Иштта ч1ог1а хаза хуьлура . Тахана а а дара иза хаза. Малх бара корехула чу кхетта, шуьна т1ехь лаьтташ Лоттин сина зока дара , дуьззина чохь шоколад а йолуш. Юххехь 1уьллура нехча а т1ехь бепиган цастар. Лоттин хабараш дуьйцуш 1едал дара, амма цо тахана цхьа а дош ца олура. Нана а яра шен кофе а молуш, газета а доьшуш, 1аш. Цо а ца олура цхьа а дош.

Т1аьххьаре а боху Лоттас :

-Делахь цхьа жимма шоколад мера ю аса, дан дезарш дуккха а хилча.

- Х1ан - х1а, х1умма а дац дан дезаш, боху нанас. - Бакъдерг дицича ахьа хьайна т1е бедарш йоха еза.



Иштта а 1уьйранна дуьйна оьг1аз яхана йолу Лотта, кхиъ д1а чуьра елира.

Ва, ма 1овдал яра нана, лорт1ахь т1ейоха бедарш ца луш, иза гилгаш доху свитер т1е йоьха бехи цкъа, ткъа х1инца юург ца яла дагахь ю-кх, ва ма 1овдал ю–кх иза, я-м ткъа!

- Хьо 1овдал ю, мохь хьоькхура Лоттас, лаьттах когаш а бетташ.

- Хьажал ц1а соьга х1инца, боху нанас. - тоьар ду хьуна х1инца. Хьайн чоь чу д1аг1о, хьо юха а дика йо1 хиллалц ара а ма ялалахь.

Т1аккха мохь белира Лоттига, шайн лулахо йоккха стаг Бергина д1а а хезаш.

Иза кхачананц1а чуьра, ламеш т1ехула, шен чоьн чу кхаччалц мохь хьоькхуш йоьдура.

Лулахо Бергас корта а ластина , элира:



- Вай оцу жима хазчу Лоттин ма ч1ог1а гай лозучух тера ду!

Амма Лоттин гай ца лазара, иза оьг1аз яхана яра.

Уггаре ч1ог1а ша оьг1аз яхханчохь кхунна шен

к1айчу свитерах б1аьрг кхитира. Иза г1ант т1ехь 1уьллура.

Цо кхиъ ч1ог1а къизош санна хитара цунна х1инца. Лоттас ка тоьхна свитер лаьтта кхоьссира.

Т1акхха саца елира Лотта. Лаьттахь свитеран

Уллохь 1уьллучу тукарех б1аьрг кхитира

цуьнан. Лоттас кехатах тайнигаш йора цу

тукарца. Меллаша тукар схьа а эцна Лоттас

свитерах доккха 1уьрг даьккхира.





- Хила дезарг хилла хьуна, боху Лоттас. - ахьа со къийза йо дела!

Лоттас шен куьг чекх даьккхира 1уьргехула. Ва, ма доккха дара иза! Цхьа кхераме дара иза шен куьг ган цу чухула, куьг ган дезаш *доцучу* меттехь. Лотта кхераелира.

- Аса иза ж1ало дина эра ду, боху цо чак1орнига.

Свитер схьала а лецна ехха хьаьжира цуьнга Лотта. Тукарца цхьа пхьош схьахадира цо.

- Аса иза цхьа хьерадаьлла ж1ала дара эра ду. элира Лоттас.

Юхьа а хьаьжира иза шен свитаре. Тукарца шолг1а пхьош а д1ахадира цо.

- Иза 1аламат ч1ог1а вон ж1ала ма дара, боху Лоттас.

Амма х1инца Лотта боккъалла а кхераеллера.

Шен свитер хьарчина нехаш кхуьссу ведар чу йоьллира цо. Цунна иза кхин ган ца лаьара. Т1аккха нанас лахара схьа мохь туьхира:

- Лотта , хьо х1инца юха а дика йо1 хиллий ?

Меллаша, нанна ца хазита, йоьлхуш яра Лотта. Цо элира:



- Х1ан - х1а, цхьа жимма а ца хилла.



Шен чак1орни кхоьвлина мара йоьллира цо.

- Бехк буй сан т1ккха , элира Лоттас, массо а сел вон хилча сьоьца.

Иза бакъ ма дацара ,иза Лоттина шена а ма хаара .

Амма шен свитер ша йохинчунна ,бехк кхечунна т1ебилла лаьара .

- Ву дера-кх массо а соьца вон, элира Лоттас шен

чакъоьрнига.

- Аса цундела бен ца йоьхина свитер.

Свитер чохь 1уьллу ведаре д1а хьажна ,

элира цо:

- Кхит1е а ж1ала дара и свитер йохинарг, элира Лоттас.

